ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
НӨКИС ҚАЛАСЫ ҲӘКИМИНИҢ

**Ш Е Ш И М И**

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
НУКУС ШАҲАР ҲОКИМИНИНГ

**ҚАРОРИ**

Нөкис қаласы, А.Досназаров көшеси, 96 — Нукус шаҳри, А.Досназаров кўчаси, 96

№ 05/12-173 — «06» 12 2017-ж.й

**Нөкис қаласы, 4Р-191 «Нөкис киши айланба жолы» 1,8-2,2 км аралығы, Каттағар пиядалар өтиў көпиршеси алдында жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳаққында**

Қарақалпақстан Республикасы Ишки Ислер Министрлиги Жол ҳәрекети қәўипсизлиги басқармасының 2017-жыл 17-октябрь күнги 11/б-3407-санлы, автотранспорт айдаўшыларының тезликти асырыўы нәтийжесинде велосипед айдаўшылар ҳәм пиядаларды қағып кетиў жағдайлары көплеп ушырасып, аўыр ақибетли жол транспорт ҳәдийселери келип шығып атырғанлығы себепли, автотранспортлардың қәўипсиз ҳәрекетлениўин тәмийинлеў мақсетинде, жол белгисин орнатыў ҳаққындағы усынысын қарап шығып, Өзбекстан Республикасының «Жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳаққында»ғы Нызамы («Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами», 2013 йил 15 апрел, 15 сон, 197 модда)ның 7-статьясына, «Жергиликли мәмлекет ҳакимият ҳаққында»ғы Нызамының 25-статьясына муўапық, Нөкис қаласы 4Р-191 «Нөкис киши айланба жолы» 1,8-2,2 км аралығы, Каттағар пиядалар өтиў көпиршеси алдында ҳәм 42-санлы мектеп алдындағы асфальт жолда транспорт қуралларының ҳәрекетлениўин тәртипке салыў, жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде

**ШЕШИМ ЕТЕМЕН:**

1. Транспорт ағымының көп болыўына байланыслы жол транспорт ҳәдийселериниң алдын алыў, ҳәрекет қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде, Өзбекстан Республикасы Минстрлер Кабинетиниң 2000-жыл 11-декабрьдеги 472-санлы қарары «Жол ҳәрекети қәделери»ниң қадаған етиўши жол белгиси топарына кириўши, Нөкис қаласы 4Р-191 «Нөкис киши айланба жолы» 1,8-2,2 км аралығы, Каттағар пиядалар өтиў көпиршеси алдында 1.21 «Балалар», 3.24 «Жоқары тезлик шекленген» (50км/с), 7.2.1 «Тәсир етиў аралығы» (200 м), 7.5.6 «Әмел етиў ўақты» (07.30 дан 19.00 ге шекем) қосымша хабар белгилери 1.14.1 «Зебра сызығы» ҳәм 42-санлы мектеп алдына 1.14.1 «Зебра сызығы», 1.21 «Балалар» ҳәм 3.24 «Жоқары тезлик шекленген» (50км/с) жол белгилери орнатылсын.

2. Жол белгисин орнатылған тәртипте орнатыў, Нөкис қалалық Ишки Ислер бөлими (Г.Аметов) не тапсырылсын.

3. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Нөкис қаласы хәкиминиң орынбасары И.Өтегеновқа жүкленсин.

4. Бул шешим қалалық «Нөкис ҳақыйқаты» газетасында рәсмий жәриялансын ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

5. Бул шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

**Нөкис қаласы хәкими ў.ў.а** **П.Турешев**